

# Reouvèti LEKÒL 2020



## Pwogram Learning Bridges

Pandan Depatman Edikasyon Vil Nouyòk ap rekòmanse avèk enstriksyon anpèsòn otòn sa a, pifò lekòl ak pwogram pou debitan pral fonksyone nan yon modèl aprantisaj miks. Sa vle di chak semèn, elèv ap genyen kèk jou aprantisaj an pèsòn, kèk jou aprantisaj adistans. **Learning Bridges se yon nouvo pwogram ki pral ofri opsyon gadri gratis pou timoun, kòmanse 3-K rive klas 8yèm ane nan jou yo pwograme pou aprantisaj adistans. Si w enterese nan pwogram Learning Bridges la, tanpri ranpli sondaj sa a nan [schools.nyc.gov/learningbridges](https://schools.nyc.gov/learningbridges).**

### Pwogram Learning Bridges yo pral:

- Fonksyone sou kontwòl òganizasyon kominotè ak lòt patnè
- Bay opòtinite pou timoun konekte avèk aktivite aprantisaj adistans
- Gen ladan tan pou art, pou jwe, ak lòt aktivite ki apwopriye avèk laj yo.
- Suiv egzijans ak pwotokòl pou sante ak sekirite

Ou ka ranpli sondaj la menmsi ou poko konnen orè pitit ou a. Sondaj la pou wè kisa ki enterese w; se pa yon aplikasyon fòmèl. Depatman edikasyon (timoun nan 3-K ak pre-K) oswa Depatman lajenès ak devlopman kominote (Timoun nan klas K–8) pral pataje plis enfòmasyon sou ki kote lokal sa yo pral ye nan semèn k ap vini yo. Pwogram yo ap vin disponib pandan tout ane a apati kòmansman lekòl la.

**Ou ka rele tou 311 pou jwenn èd pou ranpli sondaj la.**

